



# Homeland Security

An ka Siklòn/Tanpèt Sandy ta gen yon konsekans sou operasyon lapolis epi/oswa siklòn nan li ta pwovoke bezwen pou yon evakyasyon ki rekòmande ofisyèlman oswa yon repons ijan gouvènman, pi gwo priyorite Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn Etazini [U.S. Immigration and Customs Enforcement (ICE)] ak Sèvis Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè Etazini [U.S. Customs and Border Protection (CBP)] se depласman moun k ap kite zòn danje yo san pwoblèm, patisipe nan aktivite pou sove lavi moun epi ede moun viv byen, jere lòd piblik, evite pèt pwopriyete mezi li posib, ak asistans pou bay sekou pou rejyon an.

Se sa ki fè, p ap gen okenn inisyativ ranfòsman imigrasyon ki asosye ak depласman ak lojman parapò ak Sandy. Si yon ajans ranfòsman nan nivo lokal oswa eta a ta detèmine yo dwe transfere oswa lage yon moun ki nan prizon akòz Sandy, ajans ranfòsman sa a pa dwe refize fè sa sèlman sou kondisyon imigrasyon yon prizonnye ICE oswa CBP kenbe. Si yon ajans ranfòsman nan nivo lokal oswa eta pa decide lage yon moun ki nan prizon ICE oswa CBP akòz Sandy, ajans la dwe, nenpòt lè ki posib, kontakte biwo lokal ICE oswa CBP avan li lage moun sa a pou asire moun nan p ap reprezante yon danje pou lage moun nan. Lè n ap detèmine jan pou jere moun ki nan prizon eta oswa nan prizon lokal pandan yon ijans, ajans ranfòsman nan nivo lokal ak eta dwe aji yon fason ki koresponn avèk bezwen sekirite kominote lokal yo ak moun ki nan prizon an.

Pati ranfòsman lwa Depatman an ap pare pou ede nenpòt moun ki bezwen asistans. Sètènman, lwa a p ap koupe, men si ta gen yon depласman oswa repons, nou vle asire nou ka ede otorite lokal yo yon fason ki rapid, san pwoblèm, epitou avèk efikasite.

Epi tou ICE ak CBP ap chèche bay moun ki nan men li yo sekirite epi y ap pwoteje moun yo kont danje si ta gen yon siklòn oswa tanpèt ki fè anpil dega. Si ta vin gen bezwen pandan Tanpèt Twopikal Sandy, ICE ap transfere prizonnye yo pou yo kite prizon ki afekte yo. Si ta gen yon transfè, n ap kontakte avoka ki sou dosye prizonnye a, n ap fè dènnye chanjman yo nan Online Detainer Locator (yon lis kote tout prizonnye yo ye sou Entènèt), epi transfè a ap pwovizwa.

Thomas S Winkoski  
Manm Komisyon Adjwen  
Sèvis Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè Ameriken

Ran Ragsdale  
Direktè Adjwen  
Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn Etazini